ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ МИНИСТИРЛИГИ.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети.

Қарақалпақ тили филологиясы факултети.

Журналистика тәлим бағдары.

Қарақалпақ фолклоры пәни.

# РЕФЕРАТ

Тема: «Ережеп тентек ҳаққында аңыз ҳәм әпсаналар»

Таярлаған: Оразбаева Ә.

Қабыллаған: Алламбергенова И.

Нөкис 201w.

*Жобасы:*

Крисиў бөлими

Тийкарғы бөлим

q. Ережеп тентек хаққында тарыйхый мағлыўматлар.

w. Ережеп тентек ҳаққында аңызлар.

Жуўмақлаўшы бөлим.

Пайдаланылған әдебиятлар.

## *Кирисиў бөлими.*

XIX әсирде жасаған қарақалпақлардың бийлери арасында Аға баба дәрежесин алған тарыйхый адамлар онша көп емес. Олардан қоңыратлы Айдос бий Аға баба. Ол Султан бий улы. Халқымыздың тарыйхында белгили орны бар адам Ережеп бий болып табылады. Ол жаслығында яки ересек гезлеринде тентек деген лақап алған. Аға баба дәрежеси сиясый искерлиги, тарыйхый хизмети ушын хан пәрманы менен берилген.

Хпалық алдында әпсана аңызға айланған Ережеп тентектиң тарыйхнамасы ямаса Ережепнаманы дөретиўде оның заманласы ҳәм жерлеси Өмирбек лаққыдан баслап бүгинги күндги қатықулақ Узақ Рахметулла улына шекем бир қатар кисилер үлес қосқаны мәлим.

## *ɋ.Ережеп тентек ҳаққында тарыйхый мағлыўматлар.*

Тарыйхый ҳүжжетлерде қыпшақ ережеп бий, ағаб баба аты менен белгили, ал халық арасында Ережеп тентек деп ат көтерген жерлесимиз Ережеп Қулшы улы. Ол шама менен 1801-жылы туўылған, 1888-жылы қайтыс болған. Ол өзиниң өмириниң ишинде Қоқанд, Бухара, Хийўа қалаларында елши, әскер басы ҳәм басқа да лаўазымларда қатнасып өзиниң орнын белгилеген сиясый белгиленген сиясый мәмлекетлик ғайраткерлердиң бири.

Ережеп бий ҳаққында «Туркистанские ведимости» газетада хабар жәрялайды. Ол қарақалпақтың алты бийин басқарып, Хийўаны жаўлап алған рус әскер басшысы генерал Кауфманға барған. Ол Россия патшалығының

пухарасы болатуғынлығын билдирген. Сол ўақытта qiue-жылы 10-июльда подпоручик Григорий Кривцов Аға баба ережепти сүўретке түсирип алған. Сол тарыйхый сүўрет «Хийўа атланысының альбомында» орын алған.

Орыслар Ережеп бий, Аға бабаның искерлигин «өзи ушын ҳәм халқы ушын» хизмет етип атыр деп баҳалады.

Қыпшақ Ережеп бий, Аға-баба ҳаққындағы мағлыўматлар Т.А. Жданко, С. К. Камалов сыяқлы алымлардың мийнетлеринде орын алған. Америка профессоры Ю.Э. Брегелдиң «Документы архива Хивинских ханов по истории и этнографии Каракалпаков» атлы мийнетинде Ережеп бий ҳәм онынңбаласы палўаняз бий ҳаққында дереклер орын алған. Сонда Режеб аға бий, Режеб бий

қыпшақ деп көрсетилген, ал баласы Палўаняз бий Режеп аға улы екени жазылған.

Хийўа тарыйхшысы Агахый мийнетинде «қарақалпақ Ражаб бий билен исми Бури төре Қоқанд патшалығынан нама келтиреди» деп жазылған. Бул 1277-жылы еди. Буннан ережеп бийдиң Хийўа ханлығында елшилик хизметлерде орны барын көремиз. Аталар әнгимесинде Ережеп, аға баба жаслығынан шаққан, батыр болып өскен, сөзге шешен, дилўарлық ҳәм тапқырлық уқыплығы, епшиллиги бәри айтылады. Хийўа ханы, қарақум ийшанлары халық сүйген Ережеп бийдиң «унамсыз ҳәрекетлерине Тентек бий екен деп» баҳа Берген екен, «өзи ушын, халқы ушын» ислери, тентеклик ҳәрекети орынлы да болған.

Ережеп тентек ҳаққында мағлыўматларды әдебиятларда баслап бергенрус илимпазы этнограф

Л. Собелов болды. Ол ережеп бий менен 1874-жылы ушрасқанда оннан алған тәсирлерин баспа сөзде жәрялайды. Сондай-ақ Санкт-Петербургтен келген әскерий географлардың,Шығысты изертлеўшилердиң мийнетлеринде де Ережеп бий, «Ережеп қала» ҳәм шымбай ҳаққында мағлыўматлар орын алған.

XX әсирдиң бас гезинде тарыйхнама мийнетлеринде С. Кондрашевтың Ережеп бийдиң аўылында изертлеўде болғаны белгили.

Белгили совет этнографы Т. А. Жданконың қарақалпақлардың этнографиясы бойынша изертлеў жумысларында Ережеп бийдиң 1874-жылы Шымбайда Л.Соболев пенен болған әнгимелерин мағлыўмат спатында пайдаланған. Хийўа сарайы тарыйхшыларының мийнетлеринде «Ражап бий қарақалпақ болғанлығы ушрасады.

## *Ережеп тентек туўралы аңызлар.*

### *Ережеп Аға баба ҳәм Султан назархан.*

Орыс әскер басысы генерал ауфман Хийўаны жаўлап алғаннан кейин Әмиўдәряның оң тәрепинен еки топар елши келипти. Сонда қарақалпақ бийлерин Ережеп Аға баба, ал қазақ бийлерин Султан Назархан Жанқазы улы басқарып келген екен. Олар генералдың қабыллаўында болып, еки күнлик мәсләхәттен соң Хийўадан табылыпты.

Лекин Ережеп бий менен Султан Назархан ақ патшаға пухара болыў тилегине жуўап ала алмапты. Сонда қазақлардың ҳәкими Султан Назархан Ережеп бийден:

- Ендиги аҳўалымыз не болады, - деп сорапты. Ережеп ойланып турмастан :

- Ҳәзирети ханымыз тусында сақалымыз ағарып еди. Енди ақ патшаның тусында сүйегимиз ағармаса болар еди, - депти. Буны естикен бийлер:

- Қой олай болса елге қайтайық. Ерекеңниң мурны ийис аңлайды. Ол бир нәрсени билип айтты – деп ғаўырласыпты.

## *Ережеп аға баба ҳәм Ерназар аталық*

Ережеп тентек бий он төрт руў халқының бийлери менен жерге таласқан екен. Ол ханның адамына қырық тилла берип, жердиң жақсысын қытай, қыпшаққа бер деп, зинҳарлап қойған еди. Ал, кенегес Ерназар аталық болса ханға жүз тилла берип, оннан бурын исти бежерип таслаған екен.

Жерди өлшеўде де, бөлистириўде де көп даў болыпты, ел ағасы бийлер ханға арзы айтыпты:

- Қырқа, қырқа сөйле, сыйпалама, - депти Ережеп тентек баяғы қырық тилласын есине салып. Сонда Ерназар аталық лам- мим деместен тек жүзин сыйпалап ымлап қойыпты. Жер өлшеўши буны дәрҳал түсинип

- жүз бар, қәтер бар, ҳа бала, әстерек, шаўқым салмай сөйлесең-о депти. Солай етип ол жердиң даўын Ерназар аталықтың пайдасына шешипти.

## *«Майлы шеңгел» ден өткен соң ким зор болған*

Қарақалпақлардың бийлери ҳәр жылы гүзде салық, зәкат пулларды Хийўаға тапсырып қайтады екен. Олар бири-бириниң минезине сырына жақсы қанық болыпты. Бир күни Хийўадан

киятырып сөз – сөзден шығып Ережеп бийгек жанындағылар өзлерине сын пикир билдириўин сораныпты. Сонда ол`

- Хан қасында Қабыл зор,
- Шешенликте Турым зор,
- Өгизликке Ораз зор,
- Әдилликке Әдил зор,
- Арашалаўға Арзы зор,

«Майлы шеңгел»ден өткен соң,

Қаратаўға жеткен соң,

Бәринен де Ережеп тентек (дәкең)зор – деген екен.

*Слайд*


Ережеп тентек ҳаққында пикир билдирген алымлар
Агахый
Т.А. Жданко
С. Кондрашев


Ережеп Аға бий.
Урыўы қыпшақ
Биринши аға бий
Шымбайда ҳәким

*Жуўмақлаўшы бөлим.*

Қыпшағқ Ережеп бий аға баба, қарақалпақ халқының халық болып толық қәлиплесиўинде, мәмлекетлик бийлик ҳәм ара қатнасларды орнатыўда шешиўши тарийхый бурылыслар дәўиринде жасады ҳәм өзиниң салмақлы үлеслерин қосқан ел басшысы болды. Қыпшақ Ережеп бий аға бабаның өмири ҳәм хызмети қарақалпақ халқының XIX әсирдеги тарийхы менен тығыз байланыслы. Ережеп бий өле-өлгенше Халқы ушын Хийўа ханы менен аттай айқасып өткен екен. Оннан ҳасла тайсалмаған. Басына қонған ҳәр қандай бәле – қаданы тентеклигине жендирген. Сол тентеклиги себнпли талай мәрте өлип барып қалған. Ол көз жумған соң балалары әкесиниң ўәсияты менен бейитти кемеге салып Ахун бабаға әкелип жерлейди. Ҳәзирде Ережеп аға қәбири басына Ескерткиш орнатылған.